



The Commonwealth of Massachusetts  
Executive Office of Labor and Workforce Development  
Department of Unemployment Assistance

# Yon Gid pou Sèvis Benefis ak Travay Pou Moun k ap Reklame



[www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua)

## Yon Mesaj de Direktè an

Asirans Chomaj (UI) se yon pwogram pwoteksyon salè tanporè pou travayè/anplwaye ki pèdi travay yo malgre se pa fòt yo. Pwogram lan ede travayè/anplwaye ki p ap travay pandan ke y ap chèche travay. Finansman pou benefis UI yo fèt pa kontribisyon patwon/konpanyi yo. Travayè/anplwaye yo pa peye okenn frè depans pou benefis UI yo.

Manyèl sa a gen enfòmasyon jeneral konsènan avantaj UI. Anplis desa, li pale sou etap ou bezwen fè pou resevwa ak kenbe benefis yo, tankou, kijan pou etabli pwòp kont UI Online ou, kijan pou aplike, ki lè pou aplike ak kijan pou aplike epi mande benefis chak semèn. Gid sa a pral ede w konprann egzijans kalifikasyon ak responsabilite w pandan w ap resevwa benefis UI, kondisyon kalifikasyon yo, epi ede w pou w retounen nan mendèv la lè li sipòte efò w pou yo re-anboche w.

Si ou bezwen èd, oubyen ta gen plis kesyon, tanpri ale nan [www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua), oubyen rele Sant TeleClaim Depatman Èd Chomaj nan (877) 626-6800

Si ou kwè yon mount e aplike pou benefis chomaj avèk enfòmasyon pèsonèl ou yo, itilize fòm sekirize pou rapòte fwòd nan [www.mass.gov/dua/fraud](http://www.mass.gov/dua/fraud) pou alète nou oswa rele Depatman Sèvis Kliyan Èd pou Chomaj (Department of Unemployment Assistance Customer Service) nan (877) 626-6800.



Connie C. Carter, Direktè  
Depatman Èd Chomaj Massachusetts

# Tab Matyè

1.	A Pwopo Asirans Chomaj .....	5
	Kisa Asirans Chomaj ye? Wòl DUA nan administrasyon pwogram UI lan	
2.	Obligasyon Kalifikasyon UI.....	5
	Ki moun ki pa kalifye pou resevwa benefis UI?	
3.	Anrejistre yon Reklamasyon Asirans Chomaj .....	7
	Kilè pou aplike pou benefis UI? Konbyen tan l ap pran pou travay sou yon nouvo reklamasyon? Kijan ou kapab fè yon reklamasyon? Kreye kont UI Online ou an Enfòmasyon w ap bezwen pou fè yon reklamasyon Deklare yon timoun kòm yon depandan Aplike pou benefis andeyò Eta Massachusetts Avi pou moun ki andeyò Peyi a Kijan pou jere kont ak benefis ou yo Kijan pou kominike ak DUA DUA ap Kominike avèk Ou	
4.	A Pwopo Benefis UI Ou .....	13
	Kalkile montan benefis UI ke ou kalifye pou resevwa Resevwa benefis UI yo Mande benefis UI chak semèn Fason pou kenbe benefis UI yo	
5.	Kontestasyon .....	21
	Fè Kontestasyon kont yon premye desizyon Odyans yo Komite Revizyon Dwa w pou gen moun ki reprezante w	
6.	Peyman Anplis.....	22
	Kisa ki rive si ou resevwa yon peman benefis ki twòp? Re-peman Deteksyon ak rapòte fwòd	
7.	Lòt Pwogram UI.....	24
	Pwogram Opotinite Fòmasyon Sant Mass Hire Career Centers yo Mezi presizyon Benefis yo	
8.	Kesyon Yo Mande Pi Souvan .....	25
9.	Diksyonè Tèm UI .....	28
10.	Gid Referans Rapid.....	32



# 1. A Pwopo Asirans Chomaj

## Kisa Asirans Chomaj ye?

Asirans Chomaj (UI) se yon benefis kash tanporè pou travayè/anplwaye ki elijibe ki p ap travay e ki ka travay, disponib pou travay, epi k ap aktivman ap chèche travay. Se Depatman di Travay Ameriken (US DOL) k ap sipèvize sistèm lan, men chak eta administre pwòp pwogram pa l. Se kontribisyon konpanyi an ki peye preske tout pwogram UI yo. Anplwaye yo pa responsab okenn depans pou Benefis UI ki asosye avèk demand konpansasyon chomaj Massachusetts.

## Wòl DUA nan administrasyon pwogram UI lan

Pandan ke ajans leta an responsab pou administre UI nan Massachusetts, se DUA ki deside konbyen patwon an fèt pou kontribye nan pwogram lan, rasanble kontribisyon patwon an nan pwogram lan, fè tout demach demann pou benefis yo.



## 2. Obligasyon Kalifikasyon UI

Pou resevwa benefis asirans chomaj, ou dwe nan chomaj oswa anplwaye a dwe redwi èdtan ou a pou mwens pase aprentan akòz bezwen anplwaye a. Anplis de sa, ou dwe satisfè sèten kritè. Kritè sa yo enkli:

- Fòk ou pa responsab ke ou pèdi travay ou oswa rediksyon èdtan yo.
- Ou oblije fè omwen \$5,700 pandan kat trimès kalandriye avan trimès ke w ap anrejistre pou benefis UI. Peryòd sa rele “peryòd de baz” ou an.
- Salè ou touche an fèt pou omwen 30 fwa valè benefis UI ke w ap kalifye pou resevwa chak semèn.
- Si ou pa fè ase lajan pandan periyòd de baz ou an pou kalifye pou benefis, ou ka kalifye an sèvan ak yon “peryòd de baz altènativ” Peryòd de baz altènativ la itilize salè ou te genyen pandan twa denye trimès kalandriye ki fèk pase yo, plis periyòd ki ant denye trimès ki komplete an ak dat reklamasyon an rantrè an efè. Dat efektiv reklamasyon ou yo dabitid se jou Dimanch nan semèn kalandriye ou te fèk anrejistre reklamasyon w lan.

W ap kalifye pou sèvi ak periyòd de baz altènatif lan si:

1. Si o upa touche ase salè (omwen \$5,700) nan periyòd de baz prensipal lan, oswa
2. Pandan periyòd de baz altènatif lan ou pral resevwa plis ke 10% benefis semèn lan.

## Ki moun ki pa kalifye pou resevwa benefis UI?

Pwogram UI Massachusetts lan kouvri anpil diferan kalite anplwaye. Sepandan, gen anpil anplwaye ki pa kouvri anba lwa UI Massachusetts lan. Anplwaye ki tonbe nan kategori swivan yo pa kalifye pou benefis UI nan Massachusetts:

- Anplwaye ki bay legliz ak sèten òganizasyon relijye sèvis
- Elèv k ap patisipe nan pwogram fòmasyon travay ki administre pa yon òganizasyon edikasyonèl piblik oswa non likratif
- Anplwaye ki nan yon pwogram asistans finansye elèv ki founi pa yon lekòl, kolèj oswa inivèsite kote elèv/anplwaye a patisipe nan kou yo oubyen travay lan menm jan pou mesye/madanm elèv lan ki founi pa mesye/madanm lan notifiye lè yo ba yo travay lan ke yo p ap ba yo UI
- Travayè ki anplwaye nan pòs travay sezonye sètifiye akondisyon yo te notifiye yo nan moman anbochaj la ke anplwa a te sezonye.
- Ajan imobilye oswa vandè ki lisansye pa eta an epi ki touche sèlman komisyon
- Ajan asirans oswa demachè ke salè yo se sèlman pa komisyon (sòf ajan asiran de vi endistriyèl)
- Pwopriyetè eksklizif ak manm patenarya yo, ikonpri LLC oswa LLP ki gen yon sèl moun ladann
  - Pifò timoun ki gen mwens ke 18tan ki travay pou manmanm oswa pou papa yo
  - Pifò moun ki travay pou ptiti fi, pitit gason oswa konjwen yo
- Travayè endepandan (DUA pral deside kalifikasyon anplwaye ki klasifiye kòm travayè endepandan. Si yo te peye w sou labaz yon 1099, ou gendwa elijib nan sèten sikontans.)
- Travayè endepandan ki p ap travay anba direksyon ak kontwol yon patwon
  - Sèten anplwaye gouvènman Eta a ak gouvènman lokal, tankou ofisyè ki eli, manm kò lejislatif oswa jidisyè, anplwaye ijans yo pran pandan yon dezast, prizyonye ki nan prizon oswa penitansye, ki gen ladann tou moun ki gen egzanpsyon travay, ak manm Massachusetts “National Guard” oswa “Air National Guard”
  - Ofisyè gouvènman ki nan pozisyon kreye lalwa ak konseye

Obsèvasyon: Ou pa elijib pou resevwa avantaj pou okenn peryòd tan ou te pase andeyò Etazini, teritwa li yo, oswa Canada; ou pa dwe mande pou avantaj pou peryòd tan sa a.

### 3. Anrejistre yon Reklamasyon Asirans

#### Kilè pou aplike pou benefis UI?

Si ou pèdi travay ou, oubyen eskedil travay ou redwi, fòk ou aplike pou benefis UI pandan premye semèn ou pèdi travay ou nèt oswa pasyèlman. Si reklamasyon w komanse yon Dimanch de semèn kalandrye ou te anrejistre reklamasyon



w lan. Dat sa se “dat reklamasyon an rantr an efe”. Si ou tann plis pase yon semèn konplè anvan ou depoze yon reklamasyon, sa ap retade kòmansman reklamasyon ou an epi avantaj yo epi yo gendwa pa peye pou semèn chomaj (yo) kit e rive anvan semèn pou soumèt reklamasyon an.

## **Konbyen tan I ap pran pou ranpli tout demach yon nouvo reklamasyon?**

Lè ou aplike pou benefis, DUA voye yon demann bay tout konpanyi w ki make sou reklamasyon w lan pou enfòmasyon regadan salè ou te genyen epi rezon(yo) ke ou p ap travay la anko. Chak konpanyi gen 10 jou pou reponn. Si patwon an pa reponn nan peryòd 10 jou an, DUA pral rele w oubyen patwon w lan anko pou nenpòt ki enfòmasyon salè ki manke. Si rezon ke ou p ap travay anko se pou yon lòt rezon ke pa gen ase travay, yo pral mande ni oumenm ak patwon w pou ranpli yon sondaj pou eksplike sikonstans poukisa ou p ap travay la anko oswa chanjman nan eskedil travay ou an.

Yon fwa ke enfòmasyon sou salè ak separasyon an fin ranpli, DUA kalkile si w elijib finansyèman pou benefis ak si w kalifye; konbyen benefis Asirans Chomaj ou yo pral ak konbyen tan ou pral kalifye pou resewa benefis Asirans Chomaj. Anplis de sa, nenpòt lòt pwoblèm ki ka anpeche peman yo pral envestige anvan yo bay nenpòt peman.

Yon fwa ou fin aplike pou benefis yo, ou dwe kontinye aplike pou benefis chak semèn ou rete nan chomaj oswa ou travay lè redui. Si w elijib, w ap resewa peman pou semèn ou te reklame anvan yo, eksepte pou yon semèn peryòd datant ki poko peye d'apre lalwa Massachusetts. Yo eksplike peryòd datant la an plis detay anba a. Si w pa aplike pou benefis pandan y ap trete aplikasyon w lan, ou ka pa kalifye pou resewa benefis pou semèn sa yo.

Si pa gen pwoblèm ak aplikasyon w lan, DUA ta dwe bay premye peman benefis ou a nan 3 a 4 semèn.

## **Kijan ou kapab fè yon reklamasyon?**

- Fason ki pi rapid ak pi fasil pou depoze yon reklamasyon se si ou sèvi ak UI Online nan: [www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua). UI Online disponib 7 jou sou 7, depi 6è a.m. rive 10è p.m.
- Si ou pa gen aksè nan yon konpitè, ale nan bibliyotèk ki nan zòn ou an oswa nan MassHire Career Center pou sèvi ak youn gratis, ki disponib pou tout moun.
- Epitou ou gendwa depoze yon reklamasyon si ou rele TeleClaim Center:
  - Rele (617) 626-6800

Orè biwo TeleClaim Center yo se lendi pou vandredi ant 8è:30 a.m. ak 4è:30 p.m. Pou sèvis relè pou malantandan, rele 711. Gen sèvis tradiksyon ki disponib atravè TeleClaim Center, depi ou fè demann lan.

- Pou asistans an pèsòn, ou ka pran yon randevou pou vizite UI Boston Sant Re-Anbochaj (REC) ki sitiye nan:

## Kreye kont UI Online ou an

Lè ou aplike pou benefis grasa UI Online pou premye fwa, yo pral mande ou:

- Make Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou
- Kreye yon modpas. Modps ou an dwe gen ladann omwen 8 karaktè epi li dwe enkli sa ki annapre an:
  - Omwen 1 chif
  - Omwen yon lèt majiskil
  - Omwen yon lèt miniskil
  - Omwen yon karaktè espesyal (pa egzanp &!@#\*)
- Chwazi yon kesyon sekirite ak yon repons.
- Aksepte kondisyon IRS yo: tcheke ti kaz la ki sou ekran an.

Li enpòtan pou w sonje modpas ak kesyon sekirite ak repons ou an. W ap itilize SSN ak odpas ou an pou konekte sou UI Online chak semèn ou mande peman avantaj ou an.

Si ou bliye modpas ou an, ou gendwa repwograme li si ou klike “**Bliye modpas**” (**Forgot Password**), reponn kesyon sekirite a epi chwazi yon nouvo modpas.

## Enfòmasyon w ap bezwen pou fè yon reklamasyon

Fòk ou prepare pou bay enfòmasyon swivan yo lè w ap aplike pou benefis:

- Nimewo Sosyal Sekirite
- Dat Nesans (mwa, jou, ane)
- Adrès lakay ou, nimewo telefòn ou, ak imèl adrès (si ou gen youn)
- Si ou te janm anrejistre yon reklamasyon UI nan Massachusetts, oswa nan nenpòt ki lòt eta nan denye 12 mwa yo
- Non ak adrès tout konpanyi kote ou te travay pandan denye 15 mwa yo, ak dat ou te travay pou chak konpanyi. Si w ap relouvri yon reklamasyon, fòk ou pare pou bay menm enfòmasyon pou tout koteou te travay depi denye fwa ke ansyen reklamasyon an te aktif.
- Dokiman egzeyat nan lame ou yo – fòm *DD-214*, kopi manm 4. Si ou pa genyen yo, ou gendwa mande *DD-214* lan sou Entènèt nan: [www.dd214.us](http://www.dd214.us)
- Si w te travay pou gouvènman federal lan pandan denye 18 mwa yo, fòm *SF-8* e/oswa fòm *SF-50* patwon an te ba ou lè ou pèdi travay ou
- Rezon poukisa ou p ap travay anko oubyen poukisa lè travay ou redwi
- Denye dat ou travay



- Non, dat nesans, Nimewo Sosyal Sekirite nenpòt ki timoun depandan ke ou gen entansyon reklame kòm yon depandan
- Nimewo Kat Rezidans oswa verifikasyon ke ou kalifye pou travay legalman Ozetazini, e ke ou kouramman kalifye pou komanse yon nouvo travay. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri al gade nan [www.mass.gov/dua/save](http://www.mass.gov/dua/save)
- Nimewo kont anbank ou, ak nimewo “routing” oswa tranzit bank ou an (si ou ta renmen resevwa peyman w lan pa depo direk)

## **Deklare yon timoun kòm yon depandan**

Si ou gen timoun w ap sipote finansyeman, DUA ka ogmante valè benefis ou chak semèn. Sa a rele Alokasyon Depandans (DA). Anba alokasyon sa, ou ka kalifye pou yon ogmantasyon \$25 pa semèn pou chak timoun depandan, ki paka plis ke 50% valè benefis UI ou genyen chak semèn.

Pou ke ou ka reklame yon timoun kòm depandan:

- Fòk ou se paran an, bo paran, paran adoptif, oswa moun responsab legal timoun lan.
- Timoun lan oblije gen mwens ke 18 an daj apati dat efektif reklamasyon UI ou an, oubyen gen plis ke 18 an epi li paka travay poutèt yon enfimite/maladi mantal oswa fizik pèmanan, oubyen li ant 18 ak 24 an epi li se yon elèv fouldym nan yon lekòl edikasyonèl.
- Timoun lan oblije ap viv Ozetazini oswa teritwa l oswa posesyon l.
- Kounyea fòk ou, epi ou te, sèl resous finans pandan denye 15 mwa avan ou te aplike pou benefis, oubyen ou anba lòd tribinal pou kontribye pou sipo timoun lan.
- Pa gen okenn lòt moun k ap reklame ki ka resevwa alokasyon depandans pou timoun depandan sa pandan menm semèn benefis UI yo.

## **Aplike pou benefis andeyò Eta Massachusetts**

Si ou te travay nan Massachusetts epi ou al viv nan yon lòt eta, ou toujou ka kalifye pou resevwa benefis anba lwa UI lan. Kalite reklamasyon sa rele reklamasyon ant eta. Reklamasyon ant eta yo sijè a Lwa Massachusetts kòm si ou te toujou ap viv nan Komènwelt lan. Ou ka aplike pou reklamasyon UI ant eta ou an sou UI Online oubyen lè ou rele Sant TeleClaim lan.

## **Avi pou moun ki andeyò Peyi a**

Lwa federal entèdi pou Commonwealth Massachusetts aksepte reklamasyon andeyò Etazini, Pòtorico, Zile Vyèj Ameriken ak Kanada. Ou pa elijib pou benefis yo pandan kèlkeswa peryòd tan ou te andeyò Etazini, teritwa li oswa Kanada; ou pa ta dwe mande benefis pou tan sa a.

## Kijan pou jere kont ak benefis ou yo

Kòm yon moun k ap reklame, gen plizye fason ou ka jwenn aksè nan sèvis DUA yo. Tablò ki pi ba eksplike kijan UI Online, sistèm telefòn otomatik nou ak reprezantan nou yo kapab ede ou kont ak benefis ou yo.

Aktivite	UI Online	Sistèm Telefòn Otomatik	Reprezantan TeleClaim
Anrejistre yon nouvo reklamasyon	√		√
Relouvri yon reklamasyon ki deja egziste	√	√(Si ou pa te gen okenn nouvo travay)	√
Mande benefis semèn yo	√	√	
Tchèke balans kont lan ak estati reklamasyon an	√	√	√
Verifye montan denye peyman ak dat lan	√	√	√
Kreye/chanje/anile metòd peyman (depo direk oswa kat debi)	√	√	
Chwazi pou yon kenbe taks yo	√		√
Chanje adrès	√		√
Mete ajou enfòmasyon kontak ki gen ladan adrès, telefòn ak imèl	√		
Depoze yon kontestasyon (ou gendwa voye l nan kourye lapòs tou)	√		
Mete anplas, gade et reponn elektwonikman dokiman UI w yo	√		
Mande fòm 1099G lan	√	√	√
Ajoute yon timoun ki sou kont ou	√		√
Chanje modpas UI Online ou an	√		
Chanje PIN TeleCert ou an		√	

## Kijan pou kominike ak DUA

Anpil nan dokiman ke DUA voye gen yon dat delè pou reponn. Tanpri li tout korespondans yo byen epi reponn touswit a nenpòt korespondans ki ijan. Si ou pa fè sa sa ka mete yon delè nan benefis UI ou yo oubyen ka koze ke ou pa kalifye. Fòk ou si ou kenbe tout dokiman an relasyon a reklamasyon w lan.

Ou gendwa voye DUA dokiman elektwonikman oswa nan kourye lapòs Etazini.

Elektwonikman	Sèvis Kourye Lapòs Etazini
Eskane epi kopye dokiman ou (nan fòm PDF) sou konpitè w.	Monte sou kont UI Online ou an nan <a href="http://www.mass.gov/dua">www.mass.gov/dua</a> .
Monte sou kont UI Online ou an nan <a href="http://www.mass.gov/dua">www.mass.gov/dua</a> .	Apatide Paj dakèy UI Online ou an, ale nan <b>View and Maintain Account Information</b> .
Apatide Paj dakèy UI Online ou an, ale nan Gade epi Kenbe Enfòmasyon Kont la ( <b>View and Maintain Account Information</b> ).	Klike sou <b>Monetary and Issue Summary</b> .
Klike sou ensidan an ki ann atant ki koresponn ak dokiman ou vle voye a (si gen plis pase yon ensidan ki ann atant).	Klike sou ipèlyen an nan nimewo ensidan an ki make <b>NIMEWO ENSIDAN ISIT (ISSUE NUMBER HERE)</b> ki koresponn ak ensidan w ap travay sou li a.
Chwazi opsyon <b>Telechaje (Upload)</b> an.	Tcheke kaz la pou kreye yon fèy 1ye paj kouvèti pou eskanè a.
Klike sou bouton <b>Navigasyon (Browse)</b> epi chwazi sous dokiman an. Doub-klike sou non fichye ou an epi make yon deskripsyon radpi de dokiman an.	Klike <b>Voye (Submit)</b> epi tanpri asire w ke pop-up blocker ou etenn.
Chwazi sous lan, ajoute dat resepsyon an epi klike sou Telechaje (Upload).	Enprime 1ye paj kouvèti pou eskanè a pou ka voye l tounen ba DUA nan kourye lapòs.

## Kijan DUA ap Kominike Avèk Ou

Gen plizyè fason ke DUA pral kominike avè w konsènan reklamasyon UI ou yo. Otomatikman ou pral resewwa korespondans pa lapòs Etazini sòfsi ou chwazi korespondans elektwònik (imèl). De tanzantan, nou ka kontakte w pa yon mesaj kominike pa telefòn si gen enfòmasyon enpòtan oswa yon miz ajou konsènan pwogram benefis UI lan.

Metòd	Deskripsyon
Imèl	Nou ankouraje w pou kominike grasa kourye elektwonik paske sa gendwa fè demach ak peman yo ap fèt pi rapid.
	A nenpòt ki moman ou ka mande pou resewwa tout avi yo pa imèl lè ou mete enfòmasyon pèsonèl ou ajou nan UI Online oubyen rele Sant TeleClaim lan. Si ou chwazi pou resewwa korespondans ou pa imèl, yon imèl pral avize w lè yo afiche yon nouvo korespondans sou kont UI Online ou. Imèl lan pral avize w pou ale nan kont UI Online ou pou li korespondans ou an.
	Pou kapab chanje preferans ou yo, konekte w sou UI Online, chwazi <b>Gade epi Kenbe (View and Maintain)</b> , epi chanje preferans ou yo pou chwazi alapas Elektwonik oswa Kourye lapòs Etazini (U.S.Mail) ki anba Enfòmasyon Kontak.
	Note: Korespondans elektwònik disponib sèlman an Angle.
Lapòs Etazini	Ou pral otomatikman resewwa korespondans pa lapòs sòfsi ou ta chwazi korespondans elektwònik.
Telefòn	N ap rele w sou telefòn si gen okenn kesyon spesifik regadan reklamasyon w lan.
Entènèt	Tanpri tchèke sit entènèt nou an ak UI Online de tanzantan pou miz ajou.

## 4. A Pwopo Benefis UI Ou



Seksyon sa konsantre sou twa aspè pou detèminen ak kenbe benefis ou:

- Kalkile valè benefis UI ou an ke ou kalifye pou resevwa
- Resevwa benefis UI ou an
- Mande pou benefis UI chak semèn

### Kalkile montan benefis UI ke ou kalifye pou resevwa

Chak moun k ap reklame gen dwa resevwa diferan valè benefis. Valè benefis ou kalifye pou resevwa chak semèn rele montan benefis semèn ou an. Yo kalkile montan benefis semèn ou an a 50% mwayènn salè semèn ou an pandan semèn de baz ou an. Seksyon sa pral eksplike konsepsyon sa an detay. Montan benefis semèn lan paka depase valè maksimòm ke lalwa pemèt, ki se \$974 pa semèn.

### Kalikile montan benefis ou ka resevwa pa semèn

Ou ka konn montan benefis semèn w ap resevwa an sèvan ak etap pi ba yo:

**Etap 1: Make total salè w nan denye 4 trimès ou te travay.** Egzanmp:

1ye Trimès	2zyèm Trimès	3zyèm Trimès	4yèm Trimès
\$7,800	\$7,800	\$8,840	\$10,000

**Etap 2: Ajoute 2 trimès salè ki pi wo yo.** Egzanmp:

1ye Trimès	2zyèm Trimès	3zyèm Trimès	4yèm Trimès
\$7,800	\$7,800	\$8,840	\$10,000

#### De Trimès Ou Touche Plis

Nan egzanmp sa, 3zyèm Trimès ak 4yèm Trimès se trimès ki pi wò yo:

$$\$8,840 + \$10,000 = \$18,840$$

**Note:** Si ou te travay 2 trimès oswa mwens, pran sèlman trimès ki gen pi wo salè an.

### Kalkile montan total benefis ou pral resevwa sou

Ou ka detèminen montan benefis semèn ou an an sèvan ak etap swivan yo:

**Etap 3: Divize total de trimès ki pi wò yo pa 26: valè semèn nan trimès konbinen yo.**

$$\frac{\$18,840}{26} = \$724.61$$

26

Nan egzanmp sa \$724.61 se mwayènn salè semèn ou an.

**Note:** Si ou te travay pandan 2 oswa mwens trimès, divize trimès ki pi gwo pa 13 semèn pou detèminen mwayènn salè semèn ou an.

#### **Etap 4: Divize salè semèn ou de Etap 3 an de pou detèminen montan benefis semèn ou an.**

$$\frac{\$724.61}{2} = \$362.30, \text{ awondi a dola ki pli pre an} = \mathbf{\$362}$$

\$362 se montan benefis semèn ou an.

<b>Si mwayèn salè w pou 1 semèn te:</b>	<b>Benefis maksimòm ou se:</b>
\$650	\$325
\$984	\$492
\$2,000	\$974
\$3,000	\$974

#### **Kalkile montan total benefis w ap resevwa nan UI**

Montan total benefis ou kapab resevwa pandan ane benefis ou an rele montan benefis maksimòm. Montan benefis maksimòm ou an mwens ke swa 30 fwa montan benefis ou an pa semèn oswa 36% salè total pou peryòde baz ou an.

Egzanmp swivan yo montre kijan pou detèminen montan benefis maksimòm ou.

#### **Senaryo A: Si montan benefis semèn ou se \$362, multipliyè nimewo sa pa 30**

$$\$362 \times 30 = \$10,860$$

#### **Senaryo B: 36% total salè w nan peryòd de baz ou an**

$$\$7,800 + \$7,800 + \$8,840 + 10,000 = \$34,400 \text{ (Salè Total)}$$

$$\$34,400 \times 0.36 = \$12,398$$

Pwiske \$10,860 mwens ke \$12,398, montan maksimòm benefis ou ap \$10,860.

#### **Kalkile pandan konbyen tan w ap ka resevwa benefis**

Kantite semèn ou gen dwa pou resevwa benefis kalkile lè yo divize kantite maksimòm benefis ou pa kantite benefis chak semèn ou. Kantite maksimòm semèn yon moun k ap fè reklamasyon ka resevwa benefis konplè yo se 30 (limite a 26 semèn pandan peryòd benefis pwolonje ak peryòd chomaj ki ba).

Sepandan, anpil moun kalifye pou mwens pase 30 semèn pwoteksyon.

Egzanmp: Montan benefis maksimòm ou se \$10,860 epi montan benefis semèn ou se \$362.

$$\$10,860 = 30 \text{ semèn}$$

$$\$362$$

Nan egzantp sa, ou ka kalifye pou resevwa \$362 pou 30 semèn.

Egzanmp: Montan benefis maksimòm ou se \$8,688 epi montan benefis semèn ou se \$362.

\$8,688 = 24 **semèn**

\$362

Nan egzanmp sa, ou ka kalifye pou resevwa \$362 pou 24 semèn.

## Dediksyon peyman sipò timoun

Lalway oblije ke yo dedwi peyman sipò timoun de UI lan lè DUA resevwa yon lòd dediksyon nan mèn Ajans Mizanplas Sipò pou Timoun (CSE) chaje ak administratè Pati D Tit IV Lwa Sosyal Sekirite.

## Dediksyon enpò sou revni federal ak Eta

Ou gen pou peye enpo sou benefis UI yo. Ou ka chwazi pou yo dedwi enpo sou revni federal e/oswa eta de peyman benefis semèn ou an lè ou ranpli seksyon dediksyon enpo an nan UI Online, oubyen ou ka rele Sant TeleClaim lan. Petèt ou ka oblije fè peyman estimasyon pa trimès bay taks revni federal ak Eta a. DUA pral voye yon fòm 1099-G ba ou avan le 31 Janvyè apre ane yo peye w benefis UI yo.

The image shows a check stub with the following details: Payee: John Jones, 124 Main Street, Anywhere, MA 02345. Date: \_\_\_\_\_, 0259. Pay to the order of: \_\_\_\_\_, \$ \_\_\_\_\_ Dollars. The word "EXAMPLE" is written across the center. At the bottom, three numbers are circled: 123456789, 1234567891011, and 0259. A diagonal line is drawn across the right side of the stub.

## Resevwa benefis UI yo

Si w elijib finansyèman pou benefis epi pa gen lòt pwoblèm ki anpeche peman yo, ou ta dwe resevwa premye peman benefis Asirans Chomaj yo sou fòm yon chèk apeprè twa a kat semèn apre w fin aplike pou benefis yo. Peman yo pral fè ba ou pa depo dirèk oswa kat debi. Ou pral resevwa yon kat debi otomatikman sof si ou mande yon depo dirèk. Ou ka mande pou benefis UI ou yo peye pa depo dirèk oswa kat debi nenpòt ki lè w konekte sou kont Asirans Chomaj ou sou Entènèt oswa lè w rele TeleCert.

**Remake: Ou gen 12 mwa apatide dat distribisyon an pou chèche jwenn aksè nan benefis UI yo ba ou yo. Si ou pa andose yon chèk papyè oswa aktive kat debi ou an, fon nan chèk papyè oswa kèlkeswa lajan ou pa itilize ki depoze sou kat debi ki pa aktive an pral tounen sou kont (trust fund) UI an.**

## Kijan pou kreye, anile, oswa chanje enfòmasyon depo dirèk lan.

Ou ka kreye, chanje, oswa anile depo dirèk pa kontakte nan kont UI Online ou an, oswa rele TeleCert lan. Pou kreye oswa chanje depo dirèk, yo pral mande w pou bay nimewo “routing” 9 chif lan de bank ou an ak nimewo kont an bank ou an. Pa antre nimewo chèk la. Gade egzanmp imaj chèk ki anlè a. Si ou vle ke benefis UI ou yo depoze nan kont depay [sevin], rele bank oswa enstitisyon finansye w pou nimewo “routing” lan ak nimewo kont lan.

Lè ou anrejistre pou depo direk, gen yon peryòd nèf jou ouvrab verifikasyon kont ant jou ou anrejistre pou depo direk lan ak jou yo ka voye benefis UI yo elektwonikman nan bank ou an. Yo sèvi ak tan sa pou konfimen enfòmasyon kont ou an ak nimewo “routing”/tranzit bank ou an.

## **Konprann Opsyon Peyman w Yo**

Depo dirèk

Si ou vle benefis chomaj ou yo peye dirèkteman nan kont labank ou, ou bezwen mete depo dirèk. Ou ka mete depo dirèk sou entènèt oswa pa telefòn.

Pou mete depo dirèk, w ap bezwen:

- Nimewo sekirite sosyal ou
- Nimewo woutaj bank ou a
- Nimewo kont ou aktyèl oswa kont epay ou

Yon fwa ou fin etabli depo dirèk, sa pral pran 9 jou ouvrab pou verifye kont labank ou. Pandan ke yo verifye kont labank ou, ou dwe kontinye aplike pou benefis chak semèn epi sètifye kalifikasyon w lè l sèvi avèk TeleCert oswa UI Online. Yon fwa ke aplikasyon w lan apwouve, benefis ou yo pral depoze sou kont ou 2 jou ouvrab apre w fin aplike pou benefis ou yo chak semèn.

### **ReliaCard® DUA kat debi**

DUA ReliaCard® se yon metòd san danje epi an sekirite pou resevwa benefis Asirans Chomaj (UI). Ou pral resevwa avantaj atravè kat debi a sof si ou enskri pou depo dirèk nan yon kont chèk oswa kont epay. Pou rezon sekirite, yo pral voye kat debi ou pa lapòs nan adrès ou gen nan dosye a nan yon anvlòp ki pa make. Apre w fin resevwa DUA Debit ReliaCard® ou, ou dwe aktive li imedyatman.

Kat debi ou a valab pou 3 ane apre aktivasyon an. Kenbe li nan yon kote ki an sekirite menm apre ou sispann reklame benefis yo. Si w bezwen relouvri oswa reaplike, benefis ou yo pral depoze sou menm kat la.

### **Visa**

se yon mak ki anrejistre nan Visa International Services Association. Se U.S. Bank National Association ki bay kat debi prepeye sa yo dapre yon lisans Visa U.S.A. Incorporated.

Tanpri li mesaj sa a ak anpil atansyon konsènan frè ak lòt enfòmasyon enpòtan. ReliaCard® la pa gen okenn frè mansyèl, frè pou chak acha, frè rezo ATM, frè rechèch balans kont oswa frè apèl sèvis kliyan. Kat debi ReliaCard® yo sijè a yon frè \$2 pou chak tranzaksyon pou tranzaksyon ATM andeyò rezo a ak yon frè \$15 pou ranplasman kat lannwit lan. Gen yon frè \$2 pou retrè ATM entènasyonal yo. Se U.S. Bank ki soti Massachusetts DUA Debit ReliaCard. Pa gen okenn chaj pou achte oswa aktive kat sa a.

Avèk kat debi DUA, ou kapab:

- Aksede benefis ou yo pi vit



- Evite frè dekouvè
- Peye pou atik gratis nenpòt kote yo aksepte kat debi Visa®, tankou:
- Nan magazen an
- Sou liy
- Pa telefòn

Jwenn lajan kach epi tcheke balans ou nan nenpòt bank US, AllPoint, MoneyPass oswa Visa ATM san frè. Frè ka aplike si w itilize yon ATM ki pa nan rezo a

Fè lajan kach tounen ak acha ou nan anpil makèt ak konvenyans magazen gratis

## Re-kalifye pou benefis

Si yo te refize reklamasyon pou benefis UI yo poutèt sikonstans separasyon w, ou ka re-kalifye anko si ou ranpli obligasyon swivan yo:

- Jwenn yon lòt travay, travay pandan omwen wit semèn, epi gen yon salè avan taks ki egal oswa plis pase wit fwa montan benefis pou semèn lan.
- Aplike pou yon nouvo reklamasyon pou touche avantaj UI si dènye reklamasyon ou fini. Si ane avantaj ou poko fini, ou dwe re-louvri reklamasyon ou genyen kounye an.

## Peryòd atant lan

Lwa Massachusetts mande pou ou rete san touche pandan yon peryòd atant 1 semèn apre ou fin aplike pou avantaj UI yo. Semèn atant lan se premye semèn ou mande benefis UI epi ranpli tout kondisyon kalifikasyon yo. Si ou p ap travay sèlman pandan yon semèn li nan avantaj ou pou mande pou benefis pou semèn sa pou satisfè semèn atant lan pou ane benefis ou. Ou dwe tann sèlman yon semèn peryòd atant pandan ane avantaj ou an, menmsi reklamasyon ou pa aktif epi ou re-louvri li pizyè fwa pandan ane avantaj ou an.

## Mande benefis UI chak semèn

Apre ke ou aplike pou benefis, ou dwe mande pou benefis yo pou chak semèn ou vle touche. Si ou pa mande pou benefis yo sou yon baz regilye, ou ka pa resevwa peyman benefis lan pou semèn lan.

Ou gen de opsyon ki fasil pou ka mande benefis ou chak semèn:

- Ale nan [www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua) epi konekte nan kont UI Online ou an. Ou ka fè sa nenpòt ki jou nan semèn lan de 6:00 a.m. a 10:00 p.m.
- Rele DUA TeleCert nan 1 (617) 626-6338. Ou ka fè sa sou nenpòt jou nan semèn lan ant 6:00 a.m. a 10:00 p.m.

Depi ou fin depoze yon reklamasyon, ou dwe mande pou touche avantaj yo pou chak semèn ou te nan chomaj pasyèl oswa total. Dimanch se premye jou semèn nan ou gendwa mande avantaj yo pou semèn ki pase anvan an. Ou dwe mande avantaj yo 21 jou oplita apatide semèn w ap mande a, oswa yo p app eye w avantaj yo pou tan sa a. Si ou pa mande avantaj pandan 3 semèn youn dèye lòt, ou oblije re-louvri reklamasyon ou an: konekte sou kont UI Online ou an, rele

TeleClaim Center. UI Online aksepte demann pou avantaj pou 2 semèn ki pi resan yo. Si ou vle mande peman avantaj ki pa konsènan 2 semèn ki pi resan yo, ou dwe kontakte TeleClaim Center.

Lè w ap mande avantaj, ou dwe rapòte salè brit (salè total anvan yo retire taks yo) pou travay ou te fè ak kèlkeswa revni ou ka touche pou semèn sa a.

- Ou dwe rapòte tout èdtan travay w pou semèn (Dimanch jiska Samdi) kote w touche salè, menmsi yo poko peye w.
- Si w ap rapòte salè anplwa endepandan, rapòte salè nèt yo (salè total apre yo fin retire depans biznis la).

Ou dwe rapòte tout revni, eksepte avantaj Sosyal Sekirite yo, ki poko te rapòte anvan lè ou soumèt reklamasyon w la. Men tip revni ou dwe rapòte epi ki gendwa dedwi nan avantaj UI w yo: endemnite lisansiman, vakans peye, retrèt ak peman yon konpayi bay anplwaye li pou li pran retrèt li.

Obsèvasyon: DUA itilize divès metòd pou detekte salè ak revni moun pa deklare. Lalwa fikse sanksyon pou moun ki pa deklare revni ak anplwa yo.

Si w ap itilize UI Online, w ap resevwa yon ekran konfimasyon lè demann pou avantaj ou an konplete. Si w ap sèvi ak sistèm TeleCert lan, w ap tande yon mesaj konfimasyon lè demann pou avantaj ou konplete. Pa bliye tann mesaj konfimasyon an anvan ou soti sou sistèm lan.

Ou pa elijib pou resevwa benefis pandan kèlkeswa peryòd tan lè ou deyò Etazini, teritwa li yo oswa Kanada; ou pa ta dwe mande okenn benefis pou tan sa a.

## **Kenbe benefis UI**

### **1. Deklare salè ou fè pandan ou travay patym ak resevwa benefis UI**

Si w travay patym pandan semèn w ap mande benefis UI, ou ka resevwa benefis UI yo kanmenm si salè bwut ou (salè total avan taks yo dedwi) mwens ke montan benefis semèn ou. Nenpòt salè ki plis ke 1/3 montan benefis semèn lan (yo konnen kòm Mepri Revni) dedwi dola pou dola de montan benefis semèn lan, sa ki ka lakòz ou touche yon pati sèlman nan peman UI w lan.

Si ou travay fouldym nan nenpòt ki semèn, y ap konsidere w ap travay “fouldym” kelke swa salè w, epi ou p ap kalifye pou benefis UI pou semèn sa. An jeneral fouldym se ant 35 a 40 è tan pa semèn. Y ap konsidere w ap travay fouldaym (atenplen) si w ap travay eskedil nòmal fouldym lan nan travay ou oswa metye w.

Pwochen egzanmp lan dekri kijan pou kalkile peyman benefis semèn ou konsideran nenpòt ki dediksyon salè.

## Etap 1: Kalkile Dediksyon Salè

Egzanmp: Si montan benefis semèn lan se \$270 epi salè semèn ou se \$120.

Montan benefis semèn lan	\$270
Mepri Revni	\$90 (1/3 of \$270 = \$90)
Salè Semèn lan	\$120
Revni ki depase maksimòm lan	\$30 (\$120 – \$90 = \$30)

## Etap 2: Kalkile Peyman Benefis Semèn lan

Montan benefis semèn lan	\$270
Mwens revni ki depase maksimòm lan	- \$30
<b>Montan benefis semèn revize</b>	<b>= \$240</b>

**Nòt Enpòtan:** Si salè/konje peye egal a oswa plis ke montan benefis semèn ou an plis 1/3 salè yo pa konsidere a (earnings disregard), yo p ap peye okenn benefis. Ou oblije deklare tout salè w, menm si yo pa afekte montan benefis semèn ou an. Si ou resevwa revni ki plis ke montan benefis semèn ou an, ou oblije relouvri reklamasyon lan an sevan ak UI Online, rele TeleCert oswa Sant TeleClaim lan epi kontinyen mande pou benefis ou.

## 2. Patisipe nan yon seminè MassHire Career Center

Ou ka oblije patisipe nan yon seminè nan yon MassHire Career Center Massachusetts pou ede w jwenn travay. Bi prensipal seminè a se pou fè w konnen de tout resous rechèch travay ki disponib nan MassHire Career Centers Massachusetts. Si w resevwa yon avi, ou dwe pwograme epi ale nan seminè a anvan dat limit ki make nan lèt la. Si w pa ale nan randevou seminè a, sa ka koze yon delè peyman w oubyen ke ou pèdi benefis. Apre ou resevwa lèt pou patisipe an, rele sistèm otomatik randevou seminè Career Center a nan.

1 (800) 653-5586, oubyen MassHire Career Center ki nan zòn lakay ou pou pran yon randevou pou patisipasyon w.

## 3. Angaje nan aktivite rechèch travay

Depatman Asistans Chomaj (DUA) Massachusetts mete kondisyon kalifikasyon ke ou oblije:

- Fè omwens 3 rechèch pou jwenn travay pa semèn.
- Kenbe yon jounal alekri ak detaye de tout aktivite rechèch travay ou te fè yo.
- Kenbe kopi dokiman ki gen pou wè ak aktivite rechèch travay ou, ikonpri:
  - Imèl ou voye oswa ou resevwa nan men anplwayè potansyèl yo
  - Resi aplikasyon pou djòb
  - Afichaj djòb ki disponib
  - Anons kèms pou moun k ap chèche travay
  - Enfòmasyon sou club pou etabli relasyon

- Pote kopi enprime ki tout ranpli tout *Jounal Aktivite Rechèch Travay* ansanm ak dokiman ki kore antre nan Jounal la avèk ou nan randevou nan MassHire Career Center lan.
- Bay DUA enfòmasyon sou rechèch pou jwenn travay ou, ansanm ak dokiman ki kore enfòmasyon sa yo.

W ap jwenn echantiyon yon jounal nan fen gid sa a pou ede w swiv aktivite rechèch pou jwenn travay ou yo. Ou pwobableman te fè plis aktivite, men ou sèlman bezwen liste yon aktivite pandan 3 jou diferan pou chak semèn ou revandike. Si ou bezwen plis jounal toujou, ou gendwa telechaje yon kopi nan [www.mass.gov/dua/worksearch](http://www.mass.gov/dua/worksearch), epitou ou kapab jwenn yon kopi nan MassHire Career Center ki nan zòn ou an, oubyen ou kapab fè plis kopi jounal rechè pou jwenn travay sa a, si ou bezwen.

Ou ka oblije anrejistre nan yon MassHire Career Center. Pou jwenn yon MassHire Career Center nan zòn lakay ou, rele 1 (877) US-2-JOBS, oubyen ale nan [www.mass.gov/career\\_centers](http://www.mass.gov/career_centers).

Dabitid si ou jwenn travay atravè yon òganizasyon sendika, w ap oblije rete aktif nan òganizasyon travay ou an. Pou rete aktif, ou oblije yon manm ak bònn repitasyon, ak fòk ou kalifye pou plasman oubyen referans. Dapre Lalwa Massachusetts w ap oblije kenbe yon dosye a lekri de tout kontak ou genyen ak sendika w lan pou rezon jwenn travay.

Si yo padonnen w pou rechèch travay paske ou gen yon dat retou definitif pou tounnen travay nan peryòd 28 jou, w ap oblije disponib a ansyen patwon lan pou travay epi pou fè l konnen kijan pou li kontakte w pou travay.

Si yon konpanyi leyòf ou tanporeman san ke yo pa ba ou yon dat pou tounnen travay nan peryòd 28 jou, fòk ou kenbe enfòmasyon kontak ou ajou ak konpanyi a epi chèche travay lòt kote. Kontak ak ansyen patwon lan pa konsidere kòm yon kontak rechèch travay; fòk ou kontinyen chèche travay ak lòt konpanyi k ap chèche anplwaye nan vokasyon w oswa metye w.

Si ou p ap viv nan eta an epi dabitid ou pa vini Massachusetts pou travay, w ap oblije anrejistre pou travay ak sèvis travay nan eta w ap viv lan.

#### **4. Kapab travay**

Ou dwe anfòm fizikman pou fè travay. Pa egzanp, si w malad oswa si w gen yon pwoblèm medikal ki anpeche w travay, ou ka pa kalifye pou benefis Asirans Chomaj pou semèn sa a.

#### **5. Disponib pou travay**

Ou dwe pare ak dispoze pou travay. Ou dwe kapab aksepte travay si yo ofri w. Ou pa oblije aksepte okenn travay, men ou pa dwe limite tèt ou nan yon pòsyon tou piti nan mache travay la ki pa rezonab pou w panse ke ou pral jwenn travay.

## 6. Avèti DUA si ou enskri nan lekòl

Ale lekòl ka afekte kalifikasyon w pou resevwa benefis UI. Ou dwe notifiye DUA si ou frekante lekòl, si ou enskri pou ale lekòl oswa si ou pa kontinye patisipe nan fòmasyon fòltaim DUA te apwouve.

## 7. Kolekte benefis pandan ou deyò Etazini

Ou pa elijib pou benefis yo pandan kèlkeswa peryòd tan ou te andeyò Etazini, teritwa li oswa Kanada; ou pa ta dwe mande benefis pou tan sa a.

## 8. Revize oswa chanje enfòmasyon kont ou

Ou oblije notifiye DUA touswit si enfòmasyon pèsònèl oswa kontak ou chanje. Ou ka mete enfòmasyon w ajou lè ou konekte nan kont UI Online ou an, oubyen rele Sant TeleClaim lan.

## 5. Kontestasyon



### Fè Kontestasyon kont yon premye desizyon

Si DUA ta decide ke ou pa kalifye pou resevwa benefis UI, ou pral resevwa yon *Avi Ou Pa Kalifye (Notice of Disqualification)* a lekri ak enfòmasyon sou kijan pou anrejistre yon apèl.

Ou gen 10 jou kalandriye de dat yo voye avi an pa lapòs pou anrejistre apèl ou an. Gen de (2) fason pou anrejistre yon apèl. Swa ou konekte nan kont UI Online ou an epi anrejistre yon apèl, oubyen ou ka ranpli yon demann a lekri pou apèl epi voye l bay DUA pa lapòs, ak so lapòs la make yon dat ki pa pita pase 10yèm jou apre dat yo te voye l a.

Tanpri sonje si yo apwouve reklamasyon ou an, ansyen anplwayè ou an gen dwa konteste desizyon an pou apwouve reklamasyon ou an. Si ansyen anplwayè w depoze yon kontestasyon, DUA pral pwograme yon odyans epi l ap notifiye w ansanm ak anplwayè w pou nou ka vini. DUA pral notifiye w selon metòd pou koresponn ou te pito a pou voye ba w enfòmasyon sou dat, lè, ak adrès odyans lan.

Li enpòtan pou w vini nan tout odyans yo pwograme, paske yo pral pran yon nouvo desizyon osijè kalifikasyon ou pandan odyans lan. Si ou pa vini nan odyans lan, yo pral pran yon desizyon ki abze sou prèv ansyen anplwayè w prezante sèlman. Si yo decide pandan odyans lan ou pa gen dwa pou resevwa avantaj chomaj, yo pral koupe avantaj ou yo touswit epi ou genwa responsab pou ranbouse avantaj ou gen tan touche yo.

Si ou toujou p ap travay pandan w ap tan pou yon chita tande, fòk ou kontinye mande pou peyman benefis ou chak semèn. Si desizyon inisyal la ta ranvèse, ou p ap resevwa peyman benefis pou semèn lè ou pat mande pou benefis yo.

### Odyans yo

Si oumenm oswa ansyen anplwayè w decide konteste yon detèminasyon inisyal, ou pral resevwa konfimasyon alekri de kontestasyon an nan men Depatman

Odyans yo. Lè Depatman Odyans yo resewwa kontestasyon an, li pral mete yon randevou pou yon odyans epi l ap voye yon lèt ba ou ki gen dat la ak lè chita tande an. Odyans lan ap fèt pa Enspèktè Revizyon ki koute chita tande an pèsòn, vityèlman, oswa pa telefòn. Apre odyans lan, Enspèktè Revizyon an pral bay yon desizyon a lekri baze sou dokiman ak enfòmasyon ki prezante nan odyans lan.

## Komite Revizyon

Gen plizyè nivo kontestasyon. Si ou pa dakò avèk desizyon odyans lan, ou gen 30 jou sivil apre yo fin voye desizyon sa a nan kourye lapòs pou prezante yon kontestasyon devan Konsèy Revizyon an. Ou gen dwa soumèt yon kontestasyon bay Konsèy Revizyon an; pou fè sa, itilize yon fòm demann kontestasyon alekri w ap resewwa oubyen konekte w nan kont UI Online ou an.

Si Komite Revizyon an aksepte ka a pou revizyon, li pral pran yon desizyon baze sou enfòmasyon ka a ke li resewwa nan men Depatman Chita Tande an, enkli ak chita tande ki anrejistre an. Lè Komite Revizyon an bay yon desizyon, yo founi enstriksyon sou kijan pou fè apèl a desizyon an nan tribinal distrik lan.

Si Komite Revizyon an pa aksepte ka a pou revizyon, li ka ale nan apèl nan Tribinal Distrik lan. Pou aprann plis sou Komite Revizyon an, ale nan [www.mass.gov/dua/bor](http://www.mass.gov/dua/bor).

## Dwa w pou gen moun ki reprezante w

Si ou ta renmen reprezantasyon nan nenpòt ki nivo yon apèl, li trè enpòtan pou fè aranjman reprezantasyon an le pli vit ke posib. Yon ajan otorize, kòm yon avoka, oswa reprezantan, ke ou chwazi, ka reprezante w nan nenpòt ki etap yon apèl. Rele asosyasyon bawo avoka lokal ou oubyen yon òganizasyon reprezantan legal pou ede w. DUA paka rekomande yo reprezantan ba ou.

DUA dwe apwouve chaj pou sèvis yo avoka oswa yon ajan fè an rapò ak yon kontestasyon devan Depatman Odyans oswa Konsèy Revizyon anvan pou moun ki fè reklamasyon an dwe yo vreman.

Demann pou frè ki apwouve regadan sèvis yo nan swa youn nan nivo apèl swivan yo fèt pou ale nan yon nan swivan kote yo:

Nivo Sesyon Yo	Komite Revizyon
Imèl: <a href="mailto:section37fee@massmail.state.ma.us">section37fee@massmail.state.ma.us</a>	Department of Unemployment Assistance Board of Review, 1 <sup>st</sup> Floor 19 Staniford St. Boston, MA 02114

## 6. Peyman Anplis



### Kisa ki rive si ou resewva yon peman benefis ki twòp?

Yon peman anplis rive si yo peye w peman benefis UI epi pita DUA detèmine ke ou pa t kalifye pou resewva yo. Menm si peman anplis la se pa fòt ou, w ap oblije ranbouse kantite lajan brit benefis ou te resewva a, sof si ou aplike pou epi resewva yon dispans pou peman anplis lan.

Si yo peye w benefis ki twòp, ou pral resewva yon *Avi Detèminasyon (Notice of Determination)*. Avi a pral esplike sa ki annapre an:

- Rezònman ak konklizyon pou peman ki twòp la
- Kantite semèn yo te peye w twòp
- Montan peman ki twòp la
- Nenpòt kalite penalite
- Kijan pou w mande yon dispans

### Enterè ak penalite

Si yo deside ou “an tò” pou yon peman ki twòp, ou pral resewva yon *Avi pou Fòt (Notice of Fault Finding)*. W ap dwe peye enterè pou yon to 12% pa ane anplis de peman ki twòp la. Peman ki twòp yo konsidere ou te an tò yo gendwa vin ajoute sou penalite 15% yon sèl fwa.

Epitou, si ou te travay pandan w ap kolekte benefis Asirans Chomaj, ou ka oblije sèvi semèn penalite pou chak semèn ou travay ak kolekte benefis yo. W ap oblije rete tann pou w kolekte benefis yo pou menm kantite semèn ou t ap travay epi w ap kolekte benefis pwochen fwa w ap soumèt yon reklamasyon oswa w ap aplike pou benefis chak semèn, menmsi w gen dwa pou w resewva benefis yo.

Kèlkeswa penalite a, ou dwe kontinye reklame benefis chak semèn pou chak semèn ou pap travay pou w ka sèvi avèk siksè semèn penalite yo. Pandan semèn penalite yo, ou p ap kapab resewva benefis ankò. Ou p ap resewva okenn benefis nan lavni jiskaske penalite sa a fin sèvi.

### Konteste yon peman ki twòp

Si w pa panse out e touche twòp lajan, oswa montan an peman ki te twòp la pa kòrèk, ou kapab prezante yon kontestasyon nan 10 jou oplita apre *Avi Detèminasyon (Notice of Determination)* te notifiye. Pou depoze yon kontestasyon, ou dwe swiv enstriksyon yo ki vini ak avi detèminasyon an.

### Re-peman

Si ou pa reyisi repeye kòb peman ki te twòp la, DUA gendwa entèsepte ranbousman taks sou revni Eta Massachusetts ak federal ou an. Yo gendwa bese benefis UI chak semèn Eta Massachusetts oubyen nenpòt lòt Eta peye w pou repeye peman ki te twòp la.

## Opsyon pou Repeye yon Peman ki twòp

Peye sou Entènèt	Peye ak Kourye Lapòs
<p>Ou kapab fè peman ak kat kredi, epi peman elektwonik ki soti nan kont kouran oswa kont depay ou grasa kont UI Online w lan.</p> <p>Konkete w sou kont UI Online w lan, klike sou <b>Jere dèt (Manage debt)</b>, klike sou <b>Fè yon Peman (Make a payment)</b>, epi kontinye pou fè yon peman elektwonik.</p>	<p>Yo kapab voye peman nan kourye lapòs ak chèk oubyen virman labank (money order) sèlman. <b>Pa voye lajan kach.</b></p> <p>Voye chèk ou oswa virman labank ou nan adrès sa a:</p> <p>Department of Unemployment Assistance PO Box 9699 Boston, MA 02114</p>

**Remak enpòtan:** Si w ap peye ak chèk, virman labank (money order), oubyen grasa Bill Pay labank ou an, ou dwe make ID Reklaman (Claimant ID) w lan pou kapab asire w yo mete peman an sou kont labank ou.

### Mande yon Dispans

Si ou pa kapab ranbouse peman anplis la oswa ou te konte sou benefis yo malerezman pou ou, ou ka mande yon plan ranbousman oswa ranpli yon **Demann pou dispans peman anplis** lè w konekte nan kont UI Online ou epi ranpli aplikasyon an pou yon dispans oswa lè w rele Depatman Kolèk Benefis nan (617) 626-6300.

### Deteksyon ak rapòte fwòd

Lwa a enpoze penalite pou lè ou fè fo-deklarasyon sou revni ak sou anplwa, lè w ap aplike oubyen w ap mande peman benefis. DUA itilize anpil resous pou anpeche ak detekte moun ki touche benefis sou labaz yon fwòd, ikonpri:

- Rapò nouvo anbochaj ki soti nan men anplwayè
- Korespondans ak salè anplwayè a
- Denonsyasyon piblik nan telefòn, kourye lapòs, fòm Entènèt oubyen imèl
- Verifikasyon kwaze (crossmatches) avèk dosye ki soti nan lòt Eta ak nan ajans federal, ikonpri Administrasyon Sekirite sosyal, Deptman Detansyon (Department of Corrections), ansanm ak lòt ajans toujou

Ou gendwa itilize youn nan metòd ki annapre la yo pou denonse moun yo sispèkte k ap touche benefis UI sou labaz yon fwòd oubyen anplwayè yo sispèkte k ap peye anplwaye san yo pa deklare sa:

- Ranpli yon Fòm pou Pote Plent *DUA Fraud Hotline Complaint Form* sou Entènèt nan [www.mass.gov/dua/fraud](http://www.mass.gov/dua/fraud)
- Rele Nimewo pou Fwòd la: 1-(800) 354-9927
- Imèl: [uifraud@massmail.state.ma.us](mailto:uifraud@massmail.state.ma.us)
- Ekri nan: UI Program Integrity, P.O. Box 8610, Boston, MA 02114



## 7. Lòt Pwogram UI



### Pwogram Opotinite Fòmasyon

Si w ap bezwen nouvo konesans pou ka jwenn travay, ou ka kalifye pou benefis Pwogram Opotinite Fòmasyon (TOP), pandan w ap patisipe nan kou fòmasyon apwouve a plen tan. TOP pèmèt DUA pou padonnen aktiveite rechèch travay si ou ranpli sèten obligasyon kalifikasyon. Si ou kalifye, ou pral kontinye resevwa benefis UI ou pandan ou nan yon kou fòmasyon ke DUA apwouve. Anplisdesa, TOP ap kite w resevwa jiska 26 semèn benefis adisyonèl (Benefis Dirasyon Anplis Fòmasyon) pandan ou pral lekòl foutlym, si gen kèk obligasyon ki pa ranpli. Tanpri note ke DUA p ap peye frè kou fòmasyon w lan.

**ENPÒTAN: Ou dwe aplike pandan 20 premye semèn ou resevwa benefis chomaj. Si ou sispann enskri pou benefis, peryòd 20 semèn nan sispann epi li rekòmanse lè ou re-enskri yon lòt fwa.**

Si w ap aplike pou yon ekstansyon benefis ou epi w ap mande pou padonnen obligasyon rechèch travay lan w ap oblije:

- **Jwenn yon kou fòmasyon ki apwouve ki pral prepare w pou travay.** Chèche asistans nan nenpòt ki MassHire Career Center, oubyen chèche nan JobQuest pou pwogram fòmasyon nan [www.mass.gov/jobquest](http://www.mass.gov/jobquest).
- **Ranpli epi voye tounen Aplikasyon pou Pwogram Opotinite Fòmasyon an.** Se pou w aplike pandan premye 20 semèn ou touche benefis chomaj yo.

Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan pwogram la, oswa sou fason pou aplike, ale gade nan [www.mass.gov/dua/training](http://www.mass.gov/dua/training), rele Sant TeleClaim lan, oswa ale nan yon MassHire Career Center. Tanpri sonje ke se lekòl ou ki dwe ranpli yon seksyon nan aplikasyon an anvan ou voye l bay DUA.

### Sant MassHire Career Centers yo



Sistèm MassHire Career Center se yon rezo de MassHire Career Centers, ki lokalize atravè tout eta an MassHire Career Centers ofri sèvis travay ki pèmèt ou travay sou rechèch travay ou nan yon anviwonman ki konfotab pou ou. Anplwaye MassHire Career Center yo devouwe pou ede w rejwenn travay anko.

MassHire Career Centers founi yon varyete seèvis gratis a nenpòt ki kliyan, enkli:

- Èd rechèch travay
- Enfòmasyon plannin metye
- Zouti pou ede w fè rechèch travay efikas
- Atelye sou teknik rechèch travay enkli ak entèvyou, rezo, ak ekri rezime
- Fòmasyon de baz òdinatè
- Opotinite pou randontre ak konpanyi k ap chèche anplwaye atravè kemès travay, anons travay, ak referans
- Enfòmasyon sou mache travay eta ak lokal ki ajou

- Resous pou ede w jwenn opotinite fòmasyon ki pi bon pou ou an
- Aksè a pyès sèvis resous yo kòm: lis travay, anye biznis, aksè entènèt, telefòn, aparèy, ak foto kopyèz disponib a kliyan yo

Lè operasyon varye depandan de sant lan. Pou jwenn yon MassHire Career Center nan zon lakay ou, gade lis ki sou do gid sa, oubyen rele 1-(877) US-2-JOBS oswa al gade nan [www.mass.gov/careercenters](http://www.mass.gov/careercenters). Ale sou [www.mass.gov/jobquest](http://www.mass.gov/jobquest) pou w anrejistre kòm yon kliyan MassHire.

## Odit Mezi Presizyon Benefis

Benefit Accuracy Measure (BAM) se yon pwogram odit ki evalye presizyon desizyon DUA pou bay peman benefis yo ak desizyon pou refize benefis bay moun ki fè reklamasyon yo.

Tout reklamasyon chomaj ki depoze yo ka chwazi owaza pou BAM verifye. Si yo chwazi reklamasyon w la, ou ka atann ou pou resevwa korespondans ak/oswa apèl nan telefòn nan men yon envestigatè BAM.

Li enpòtan pou w patisipe nan odit BAM la paske yo ka pran yon nouvo desizyon sou kalifikasyon w dapre prèv odit la. Si w pa patisipe, nenpòt desizyon sou kalifikasyon yo pral pran sèlman sou baz prèv ansyen anplwayè w la ak dosye DUA yo prezante. Si yo decide apre odit la ke ou pa gen dwa pou benefis chomaj, chèk benefis ou yo ap sispann imedyatman epi ou ka oblije retounen nenpòt benefis ou te gen tan resevwa.

## 8. Kesyon Yo Mande Pi Souvan



### 1. Mwen te resevwa alokasyon pou ranvwa.

**Èske mwen ka resevwa avantaj Asirans Chomaj an menm tan?**

Nan laplipa ka, ou pa ka resevwa peyman separasyon ak benefis UI pou menm semèn lan. Men, si lajan ou touche poutèt yo revoke w lan te baze sou dispans patwon an pou tout reklamasyon alavni yo, ou ka anmezi resevwa benefis asirans chomaj pou menm semèn ou resevwa peman pou dispans.

Si yo diskalifye w pou resevwa benefis UI poutèt peyman separasyon, yo pral ajoute valè semèn yo diskalifye a pou ane benefis ou poutèt ou resevwa peyman separasyon an.

Pa pran reta nan voye yon reklamasyon pou avantaj paske ou te touche yon endemnité pou lisansiman.

### 2. Eske benefis Sosyal Sekirite, pansyon, oswa retrèt afekte kalifikasyon ak benefis UI mwen yo?

Benefis retrèt Sosyal Sekirite p ap afekte kalifikasyon w pou benefis semèn ou yo. Sepandan, benefis ou ka afekte pa nenpòt ki benefis pansyon w ap resevwa. Ou dwe notifye DUA si w ap resevwa lajan pou retrèt ou pou kounye an oswa si w ap resevwa lajan retrèt pi devan.

### **3. Yo redwi lè travay mwen. Eske mwen kalifye pou reklame benefis UI?**

Si patwon ou redwi kantite lè ou travay, ou ka kalifye pou benefis. Ou ka resevwa tout benefis pou semèn ke pat gen travay disponib oubyen yon pati nan benefis yo pou semèn ki te gen mwens ke yon eskedil a plen tan ki disponib. An jeneral, fòk ou gen yon rediksyon de omwen 1/3 lè travay/salè pou resevwa menm yon benefis minim. Yo paka detèminen si ou kalifye si pou poko aplike pou benefis.

### **4. Kijan travay pat tym afekte benefis UI mwen yo?**

Lè w ap siyen benefis pou yon semèn espesifik ou dwe rapòte salè total brit ou anvan taks pou semèn kote ou te touche yo a. Si ou pa konnen kantite lajan ou touche; miltipliye kantite èdtan travay ou pa salè èdtan ou. Si apre yo fin peye w ou wè yon diferans nan montan yo, ou ka kontakte ajans lan pou w ka ranje diferans lan. Salè ki pi wo pase 1/3 nan montan benefis chak semèn ou a pral lakòz yon rediksyon dola pou dola nan benefis ou pou semèn sa a.

### **5. Èske li posib pou yo diskalifye mwen simwen pa reponn kesyon pou Chèche jwenn Enfòmasyon (Fact-Finding) yo?**

Wi, ou gendwa diskalifye si ou pa reponn tout kesyon Rechèch Fè yo anvan dat limit estaf DUA fikse oswa ki make sou kesyonè Rechèch Fè yo. DUA pral itilize tout enfòmasyon ki disponib yo apre dat limit la pou pran yon desizyon.

### **6. Si mwen pran yon pozisyon kontra fouldym apre mwen anrejistre pou benefis UI eske m ap resevwa benefis UI apre ke kontra a fini?**

Si pozisyon kontra ou fini anvan ane avantaj ou fini (yon lane apre ou te aplike pou avantaj pou premye fwa), ou gen dwa re-louvri reklamasyon ou an. Ou gen jiska fin ane benefis reklamasyon w lan pou potansyèlman resevwa nenpòt ki valè benefis ki rete. Si ane benefis ou fini pandan w ap travay, fòk ou aplike pou benefis yo anko, epi yon nouvo detèminasyon sou kalifikasyon w pral fèt baze sou denye travat resan w yo.

### **7. Si mwen kite konpanyi m ap travay kounyea pou yon lòt travay, epi yo lèyòf mwen touswit apre mwen komanse ak nouvo konpanyi a, eske m ap kapab resevwa benefis UI?**

Si nouvo konpanyi a lèyòf ou epi ou aplike pou benefis, y ap mande w pou bay non tout konpanyi ou te travay avè yo pandan denye 15 mwa yo Eljiblite w ap detèmine dapre travay ou fè ki pi resan an, ansanm ak travay ou anvan ak salè ak lòt anplwayè nan 12-15 mwa kalandriye apre revokasyon an. Y ap fè yon revizyon kalifikasyon pou detèmine kalifikasyon an.

### **8. Mwen nan demach pou komanse yon nouvo biznis kòm mèt men mwen pa antisipe mwen pral gen salè de biznis sa pou kelke mwa. Nan moman an m ap resevwa benefis UI. Eske sa ap afekte kalifikasyon UI m ak benefis mwen?**

Kalifikasyon pou benefis UI baze sou plizye faktè. Pami faktè sa yo se obligasyon ke ou kapab travay, disponib pou travay, ak aktivman ap chèche

travay. Si ou pa disponib anko pou lòt travay oubyen pou aktivman ap chèche travay poutèt deman pwòp biznis ou, ou ka pa kalifye pou plis benefis.

### **9. Mwen travay nan yon lòt eta. Kote pou mwen anrejistre pou benefis UI?**

Si ou te travay sèlman nan yon lòy eta, w ap bezwen anrejistre reklamasyon w nan eta ou te travay lan.

### **10. Yo lè òf mwen de fwa nan yon ane. Eske mwen ka aplike pou benefis yo de (2) fwa?**

Si reklamasyon ke yo depoze a elijib monetèman, li rete valab pou yon ane. Reklamasyon w lan ka relouvri ak refèmen pandan ane sa, depandan sou estati travay ak disponibilite w. Reklamasyon w disponib jiskaske tout benefis ou fini nèt oswa jiskaske ane benefis ou ekspire, kelkeswa sa ki vin anvan an.

### **11. Mwen pa yon sitwayen Ameriken. Eske mwen kalifye pou benefis UI?**

Fòk ou bay enfòmasyon ke ou ka travay legalman Ozetazini pou ka potansyèlman resevwa benefis UI.

### **12. Mwen bezwen vwayaje pou yon semèn pandan peryòd reklamasyon UI mwen an. Kisa pou mwen fè?**

Si ou pa disponib epi ou p ap aktivman ap chèche travay, pa mande pou peyman benefis lan pou semèn sa. Lè ou tounnen, ou ka mande pou peyman benefis pou pwochyen semèn benefis yo.

### **13. Map vwayaje andeyò Etazini, èske mwen ta dwe mande benefis pou semèn yo lè mwen deyò peyi a?**

Ou pa elijib pou resevwa benefis pou kèlkeswa peryòd tan ou te andeyò peyi Etazini, teritwa li yo oswa Kanada; ou pa ka mande benefis pou peryòd sa a.

### **14. Mwen resevwa peyman an, men mwen genyen yon pwoblèm elijibilite ki poko jwenn solisyon konsènan reklamasyon mwen an. Pouki sa yo te peye mwen?**

Pafwa yo konn fè yon peyman anvan yo pran desizyon konsènan elijibilite, si nou pa kapab rezoud pwoblèm ou an rapid-rapid. Li posib pou Pwogram Asirans Chomaj la mande ou repeye nenpòt benefis ou te resevwa yo si pi devan, yo detèmine ou pa elijib.

### **15. Pouki sa yo te peye mwen pou kèk semèn sèlman men yo pa peye mwen pou lòt yo?**

Pafwa gen plis pase yon grenn pwoblèm elijibilite y ap chèche rezoud oswa yon pwoblèm gendwa afekte plizyè semèn, men yo pa otorize peyman an anmenmtan.

### **16. Eske se pou mwen peye enpò [taks] sou benefis UI yo?**

Wi. Ou responsab pou peye enpo sou revni federal ak eta sou benefis UI ou yo. DUA pa dedwi enpo yo otomatikman. Lè ou aplike pou benefis, ou ka mande pou

yo dedwi enpo revni federal e/ou leta de peyman benefis semèn ou an. Tò enpo revni federal dedwi a 10%, epi tò enpo revni a dedwi a 5.1%. DUA pral voye ba w yon fòm 1099-G anvan 31 janvyè oplita apre ane ou te touche avantaj yo, pou etabli lis montan total tout avantaj ou te touche ak montan total taks DUA te preleve.

### **17. Eske mwen toujou kontinye peye sipò timoun pandan m ap resevwa benefis UI?**

Si Depatman Revni avize DUA ke tribinal pase yon lòd pou peye sipò timoun, y ap pran dediksyon sipò timoun de benefis UI ou.

### **18. Yo lèy òf papa/manman pitit mwen avè m an menm tan. Ki moun ki pou reklame alokasyon depandans timoun lan?**

Nou toulède paka reklame alokasyon depandans lan an menm tan. Paran ki te founi sipò prensipal timoun lan ka reklame alokasyon depandans lan. W ap bezwen Nimewo Sosyal Sekirite pitit ou ak dat nesans li lè w ap aplike pou benefis pou ka reklame alokasyon depandans lan.

### **19. Eske patwon m lan ka kont reklamasyon m lan?**

Yon detèminasyon inisyal kalifikasyon pral fèt baze sou enfòmasyon ou bay ak sa patwon bay. Si ou kalifue, y ap peye w benefis yo, sòfsi yo ta jwenn ou pa kalifye pi devan pandan demach apèl lan, e a lè sa yo ka mande w pou remèt benefis ou te peye w yo.

### **20. Sak ap pase lè benefis UI mwen yo fini?**

UI se yon pwogram benefis tanpore. Li enpòtan ke ou komanse chèche travay touswit. Epi kenbe yon rechèch travay aktif, pandan ke w ap resevwa benefis UI. MassHire Career Centers la pou ede w. Fòk ou pwofite de tout sèvis ke MassHire Career Center an bay pou ede w jwenn yon lòt travay. Malgre ou ka pa kalifye anko pou resevwa benefis UI, ou ka kalifye pou ède de yon lòt ajans eta Massachusetts. Rele 211 oubyen ale nan [www.mass211help.org](http://www.mass211help.org) pou plis enfòmasyon.

### **21. Eske DUA ka ede m jwenn yon travay?**

Èd disponib nan MassHire Career Centers ki lokalize atravè Massachusetts. Ou ka aprann nouvo konsepsyon rechèch travay, jwenn enfòmasyon sou pwogram fòmasyon ki disponib, epi chèche pou nouvo opòtinite travay ki genyen atravè plizye resous. Anrejistre pou Seminè Career Center pou aprann sou yon gran varyete sèvis ki disponib pou ede w ak rechèch travay ou oubyen ale sou wèbsayt la nan [www.mass.gov/careercenters](http://www.mass.gov/careercenters).

### **22. Eske gen sèvis espesyalize pou Veteran?**

Espesyalis Veteran lokalize nan MassHire Career Centers. Yo disponib pou ede Veteran òganize rechèch travay yo, etabli yon plan travay pèsonèl, amelyore konsepsyon rechèch travay yo, epi devlope kote ki ka gen travay. Sèvis Veteran fèt espesyalman pou ranpli bezwen Veteran yo.

### **23. Kijan pou mwen chaje PIN oswa mò de pas mwen an?**

Pou chanje PIN ou an pou gen aksè a TeleCert, rele 1 (617) 626-6943. Pou chanje mò de pas ou an pou UI Online, ou anik chwazi opsyon "Forgot Password" lan, reponn kesyon sekirite yo, epi chwazi yon nouvo mò de pas.

### **24. Mwen fèk jwenn yon travay foutaym. Kijan pou mwen fèmen reklamasyon UI mwen an?**

Si ou ta renmen fèmen reklamasyon w lan, sispann mande pou peyman benefis yo. Lè ou sispann mande benefis yo, reklamasyon w lan pral otomatikman fèmen.

## **9. Definisyon Tèm UI**



### **Peryòd de Baz Altènatif**

Salè ki peye pandan twa denye trimès kalandriye yo, plis tan ant denye trimès lan ak dat efektif reklamasyon an. Si ou pa kalifye monetèman pou benefis pandan peryòd de baz prensipal lan, e w ap kalifye an sèvan ak baz altènatif lan, DUA pral otomatikman sèvi ak metòd sa pou detèminen benefis ou. Epitou, ou ka chwazi pou sèvi ak peryòd baz altènatif lan si ou founi dokiman fiyab ki montre montan benefis maksimòm ou pral ogmante pa omwen 10% lè ou sèvi avè l.

### **Kontestasyon**

Yon demann pou yo òganize yon odyans oswa revizyon yon detèminasyon.

### **Mwayènn Salè Chak Semèn**

Yon fòmil ki etabli pa lalwa baze sou montan total salè peye pandan peryòd de baz lan.

### **Valè Maksimòm Benefis**

Montan total benefis ou ka kalifye pou resevwa pandan yon ane benefis si ou ranpli tout lòt kondisyon kalifikasyon lalwa mande.

### **Peryòd de Baz**

Peryòd 52 semèn aban ane benefis lan komanse.

### **Ane Benefis**

52 semèn apre dat efektif yon reklamasyon.

### **Dire Benefis yo**

Kantite maksimòm semèn ou kapab resevwa benefis UI yo. Yo kalkile sa lè yo divize montan benefis maksimòm ou an ak montan benefis pa semèn ou an. Aktyèlman, kantite semèn maksimòm yon moun k ap fè yon reklamasyon kapab resevwa avantaj UI konplè se 30 semèn. Li limite a 26 semèn pandan peryòd benefis pwolonje yo aka k chomaj ki fèb.

## **Salè**

Lajan ou fè pandan ane benefis lan.

## **Dat Efektif**

Se dat reklamasyon w lan komanse. Sa se Dimanch nan semèn kalandriye ke ou te aplike pou benefis.

## **Koze**

Kesyon regadan kalifikasyon potansyèl ou pou benefis.

## **Montan Maksimòm Benefis**

Montan maksimòm benefis ou ka resewva pandan yon ane benefis.

## **Kalifikasyon Monetè**

Kalifikasyon w pou benefis baze sou salè ak/oswa valè tan ou t ap travay panda peryòd de baz lan.

## **Ovèpeyman**

Peyman benefis ki anplis de sa ou te gen dwa legalman.

## **Benefis Pasyèl**

Peyman benefis ki mwens ke montan benefis semèm komplè ou an, poutèt rediksyon pou salè patym ou yo.

## **Chomaj Pasyèl**

Travay mwens ke lè fouldym nòmal ou, oubyen travay ki bay salè mwens ke valèl nòmal yo peye pou travay fouldym.

## **Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN)**

Yon sinyati elektwonik k ap pèmèt ou gen aksè a enfòmasyon reklamasyon w.

## **Peryòd de Baz Prensipal**

Denye kat trimès kalandriyè ki komplete imedyatman avan dat efektif reklamasyon w. Reklamasyon baze sou salè ou resewva pandan peryòd sa.

## **Rezon pou Separasyon**

Rezon ou vin p ap travay.

## **Nimewo Sosyal Sekirite (SSN)**

Inik idantifikatè pou pwosede yon reklamasyon benefis. Kòd 1954 Sèvis Federal Kontribisyon (IRS) oblije DUA, jan li modifiye nan 26 USC 85; 6011(a), 6050(b), 6109(a) pou made Nimewo Sosyal Sekirite nan preparasyon reklamasyon benefis.

## TeleCert

Metòd entèaktif telefòn pou mande pou benefis chak semèn. TeleCert disponib an Angle, Panyòl, Pòtigè ak Kantonè.

## Chomaj Total

Yon semèn komplè ke ou pa travay ditou e ou pa touche, oubyen ou travay mwens ke fouldty m epi fè mwens lajan yo pèmèt dapre lwa eta an pou UI.

## Pwogram Opotinite Fòmasyon

Pwogram k ap pèmèt ou anrejistre yon plan pou fòmasyon vokasyonèl oubyen etid ki pral ogmante chans ou pou jwenn yon lòt travay.

## Salè

Tout lajan ou resevwa nan men yon patwon, ki enkli salè, bonis, lojman ak manje.

## Peryòd Atant

Premye semèn chomaj lan ou p ap resevwa rekonpansasyon, men ranpli obligasyon kalifikasyon ki nesese pou resevwa UI pandan ane benefis lan.

## Montan Benefis Pa Semèn

Valè lajan benefis yo, ekskli nenpòt ki alokasyon pou depandan, ke ou kalifye pou resevwa chak semèn. Li egal a 50% mwayèn salè pa semèn jiska maksimòm prezan.

# 10. Gid Referans Rapidpsyon Sèvis

Si ou bezwen:	Fòk ou:
Anrejistre yon reklamasyon	Konekte nan UI online nan <a href="http://www.mass.gov/dua">www.mass.gov/dua</a> oubyen rele 1 (877) 626-6800  *Li disponib tou atravè TeleCert: (617) 626-6338 (si ou pa te gen okenn nouvo travay)
Mande/chanje Retansyon Enpo sou Revni de peyman ou	
Mande yon Fòm 1099G	
Relouvri reklamasyon w* la	
Ajoute yon timoun ki anba responsabilite ou (depandan)	
Chanje adrès ou	
Chanje, metòd peyman*	



Mande benefis chak semèn ou yo	Konekte nan UI online nan <a href="http://www.mass.gov/dua">www.mass.gov/dua</a> oubyen rele TeleCert nan (617) 626-6338 (an Angle, Panyòl, Pòtigè ak Kantonè) 7 jou sou 7 de 6:00 a.m. a 10:00 p.m.
Verifye estati peyman UI ou	Konekte nan UI online nan <a href="http://www.mass.gov/dua">www.mass.gov/dua</a> oubyen rele lyn Estati Peyman nan (617) 626-6563 (an Angle, Panyòl, Pòtigè ak Kantonè)
Chanye PIN ou an (Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl)	Rele Liyn Sèvis PIN lan nan (617) 626-6943, 7 jou sou 7 de 6:00 a.m. a 10:00 p.m.
Jwenn enfòmasyon oswa aplike pou asistans ak asirans sante	Ale nan <a href="http://www.MAHealthConnector.org">www.MAHealthConnector.org</a>
Pou kesyon konsènan dediksyon sipò timoun yo	Rele nan 1-(877) 626-6800
Rapòte fwòd	Ranpli yon Fòm Plent Direk Fwòd DUA sou entènèt lan nan <a href="http://www.mass.gov/dua/fraud">www.mass.gov/dua/fraud</a> oubyen rele Lyn direk Fwòd lan nan 1 (800) 354-9927
Aplike pou klas fòmasyon apwouve	Ale nan <a href="http://www.mass.gov/dua/training">www.mass.gov/dua/training</a> oubyen ale nan yon MassHire Career Center
Jwenn enfòmasyon konsènan Depatman Sesyon Odyans yo	Rele Biwo Sesyon Odyans nan: - Boston: (617) 626-5200 - Lawrence: (978) 738-4400 - Brockton: (508) 894-4777 - Springfield: (413) 452-4700
Jwenn enfòmasyon konsènan yon kontestasyon kont Komite Revizyon	Ale nan <a href="http://www.mass.gov/dua/bor">www.mass.gov/dua/bor</a> oubyen rele (617) 626-6400
Jwenn yon MassHire Career Center bò lakay ou	Sou entènèt nan <a href="http://www.mass.gov/careercenters">www.mass.gov/careercenters</a> oubyen rele 1 (877) US2-JOBS
Jwenn asistans pou moun ki gen difikilte pou tande	Rele 1 (800) 439-0183 oswa 711

## Fèy Rechèch Travay

Pou kontinye resewa benefis, ou dwe mennen 3 aktivite rechèch travay pa semèn, Ou dwe kenbe yon dosye sou tout rechèch travay ou fè yo.

Semèn ki Kòmanse Dimanch (dat): _____			– Samdi (dat): _____		
<b>Dat</b>	<b>Pozisyon</b>	<b>Tarif Peman</b>	<b>Non ak Adres Anplwayè a/ Sit Web Anplwayè a</b>	<b>Metòd pou pran kontak</b>	<b>Rezilta yo</b>
#1				<input type="checkbox"/> Entènè <input type="checkbox"/> Telefòn <input type="checkbox"/> Imèl <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> Fas-a-fas	
Moun ou kontaktea:			Nimewo telefòn pou kontakte!: Imèl pou kontakte !:	Demach ki fèt: <input type="checkbox"/> Soumèt Aplikasyon pou Travay <input type="checkbox"/> M mande si gen djòb <input type="checkbox"/> Kenès Djòb <input type="checkbox"/> Etabli relasyon <input type="checkbox"/> Lòt _____	
#2				<input type="checkbox"/> Entènè <input type="checkbox"/> Telefòn <input type="checkbox"/> Imèl <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> Fas-a-fas	
Moun ou kontaktea:			Nimewo telefòn pou kontakte!: Imèl pou kontakte !:	Demach ki fèt: <input type="checkbox"/> Soumèt Aplikasyon pou Travay <input type="checkbox"/> M mande si gen djòb <input type="checkbox"/> Kenès Djòb <input type="checkbox"/> Etabli relasyon <input type="checkbox"/> Lòt _____	
#3				<input type="checkbox"/> Entènè <input type="checkbox"/> Telefòn <input type="checkbox"/> Imèl <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> Fas-a-fas	
Moun ou kontaktea:			Nimewo telefòn pou kontakte!: Imèl pou kontakte !:	Demach ki fèt: <input type="checkbox"/> Soumèt Aplikasyon pou Travay <input type="checkbox"/> M mande si gen djòb <input type="checkbox"/> Kenès Djòb <input type="checkbox"/> Etabli relasyon <input type="checkbox"/> Lòt _____	

